



PEMERINTAH KOTA BANDUNG
DINAS PENDIDIKAN
**SEKOLAH DASAR NEGERI 106 AJITUNGGA
CIJAMBE**



Jl. Terusan Sukup Baru No.5 Kel. Pasir Endah Kec. Ujungberung

**PENILAIAN AKHIR SEMESTER
2021 - 2022**

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas : V (Lima)
Hari/Tanggal : Rabu, 15 Desember 2021
Waktu : 90 menit

Nama :

Kelas : 5

Berilah tanda silang (x) huruf a, b, c, atau d di depan jawaban yang paling benar !

Bacaan

Ambil - Ambilan

Ilaharna kaulinan ambil –ambilan teh merlukeun reabatur. Kumaha prak –prakan na kaulinan - ieu teh ? Dua urang pahareup –hareup bari leungeun paceukeul –ceukeul ,bari rada diluhurkeun . bari kakawihan . Kieu kawih na teh .

Ambil – ambilan turuktuk hayam samantu
Saha nu diambil
Kuring mah budak pahatu
Purah nutu purah ngejo
Purah ngasakan baligo
Purah tunggu bale gede
Nyeurieun sukuna kacugak ku kaliage
Aya ubarna urat gunting sampurage
Tiiguling nyocolan dage

(Tina Pamekar Diajar BAHASA SUNDA kelas 5)

I. Bere tanda cakra (x) dihareupeun jawaban nu bener!

Soal nomer 1-4 dumasar kana bacaan diluhur.

1. Nudicaritakeun dina kakawihan kaulinan barudak diluhur teh nyaeta
A. budak pahatu
B. budak gede
C. budak nukur nutu
D. budak keur ulin
2. Ubar kacugak teh nyaeta
A. urat gunting sampurage
B. urat gunting nyocol dage
C. tiguling nyocolan dage
D. ditakol teu gede –gede
3. Anu dicocolan basa tiguling nyaeta
A. kejo
B. dage
C. baligo
D. sukro
4. Kecap Pahatu saharti jeung
A. teu boga indung bapa
B. teu boga bapa
C. teu boga indung
D. teu boga aki nini
5. Kaulinan barudak nu teu ngagunakeun alat nyaeta
A. beklen
B. congkak
C. engkle
D. oray –orayan

6. Di handap ieu nu nuduhkeun kalimah aktif nyaeta...
 - A. Udin najong bal
 - B. ole- olean ditiup ku Akbar
 - C. pare di poe ku Bapa
 - D. kaleci dicentang ku Jatnika
7. Di handap ieu nu nuduhkeun kalimah pasif nyaeta ...
 - A. Nini Uneh nyeupan hui
 - B. buku dibawa Wiwi
 - C. Mila nginum cai kalapa
 - D. Mang Ahri nungtun munding
8. Kaulinan barudak anu cara ngulinkeun na merlukeun strategi nyaeta
 - A. beklen
 - B. damdaman
 - C. cingciripit
 - D. engkle
9. Kaulinan barudak nu biasana make sarupaning sisikian nyaeta
 - A. beklen
 - B. anjang –anjangan
 - C. congkak
 - D. encrak
10. Di handap ieu aya kaulinan barudak nu ngagunakeun alat nyaeta
 - A. oray - orayan
 - B. ambil - ambilan
 - C. cingciripit
 - D. engkle

Nomer 11 – 14 dumasar kana teks bacaan.

Oray - Orayan

Dina kaulinan oray –orayan barudak karumpul limaana atawa genepan maranehna bari sok –
Ngawih kieu kawihna teh .

Oray –orayan
Luar –leor mapay sawah
entong kasawah
Parena keur sedeng beukah
Oray – orayan
Luar – leor mapay leuwi
entong kaleuwi
Di leuwi loba nu mandi

11. Polah dina kaulinan oray –orayan teh nyaeta
 - A. kasawah
 - B. mapay sawah
 - C. luar- leor
 - D. untuy –untuyan
12. Indit na oray – orayan teh nyaeta
 - A. Kasawah
 - B. Mapay sawah
 - C. Ka cai
 - D. Ka leuwi
13. Oray –orayan teh ulah kasawah sabab...
 - A. di sawah loba oray
 - B. disawah loba pare
 - C. manuk piit keur dahar pare
 - D. parena keur sedeng beukah
14. Loba nu mandi teh nyaeta di
 - A. di cai
 - B. di leuwi
 - C. di kamar mandi
 - D. di pancuran
15. Saung nu luhur pisan kolongna di sebut saung ,.....
 - A. rangkong
 - B. ranggon
 - C. leuit
 - D. tagog
16.  Digigir aya barang atawa pakakas tukang kayu nyaeta gunana pikeun.....
 - A. nyugu awi
 - B. ngalemeskeun kai
 - C. nyugu dibulak balik
 - D. motongan kai

17. Imah kuring anyar diomean , nu kaasup kecap barang dina kalimah digigir nyaeta
 A. anyar C. di omean
 B. imah D. kuring
18. Lamun urang boga rijki, kudu daek ... ka nu lian.
 A. bagian C. bagi - bagi
 B. ngabagi D. babagi
19. Halabhab teh tanda hayang
 A. dahar C. nginum
 B. lapar D. nu tiis
20. Manuk hirup ku jangjang na , Manusa hirup ku.....
 A. sirahna C. tanagana
 B. sukuna D. akal na

Nomer 21 – 26 dumasar kana teks bacaan.

MASKUMAMBANG

He barudak kudu mikir tileu leutik,

Maneh kahutangan,

Kukolot ti barang lahir,

Nepi ka ayeuna pisan

21. Teks diluhur ditulis dina wanda....
 A. Pupuh C. Puisi
 B. Prosa D. Drama
22. Teks bacaan di luhur diwangun ku ... padalisan.
 A. 4 padalisan C. 6 padalisan
 B. 5 padalisan D. 7 padalisan
23. Ari nu disebut pada dina pupuh teh sarua hartina jeung ...
 A. paragraf C. jajaran
 B. bait D. kalimah
24. Guru wilangan jeung guru lagu dina padalisan terahir nyaeta....
 A. 6a C. 8 a
 B. 7a D. 12a
25. Amanat teks bacaan di luhur nyaeta....
 A. kadu mikir tilahir C. kudu mikiran kolot
 B. kudumayaran hutang kolot D. kudu nyaah ka kolot
26. Teks di luhur kaasup sastra....
 A. anyar C. modern
 B. heubeul D. canggih
27. Budak teh lumpatna meni *gancang*.
 Kecap sabalikna tina kecap anu di cetak miring nyaeta
 A. lengle C. hade
 B. laun D. goreng
28. “Teh Lilis nuju ngupingkeun lagu dangdut ti Radio Cakra”
 Sinonim tina kecap *ngupingkeun* , nyaeta....
 A. ngeregepkeun C. nengetan
 B. ngadengekeun D. ngawanohkeun
29. Budak teh ... dicoco reungit bae bet terus jadi borok.
 A. amis daging C. babarian
 B. pait daging D. teu payaan
30. Sing junun baranggawe the, ulah sok
 A. hejo daun C. hejo tembok
 B. hejo cokor D. hejo tiang

